МИНИСТЕРСТВО ПРОСВЕЩЕНИЯ И НАУКИ КБР

Государственное бюджетное общеобразовательное учреждение «Школа-интернат для детей-сирот и детей, оставшихся без попечения родителей, № 5»

(ГБОУ «ШИ № 5» Минпросвещения КБР)

«Круглый стол « В чём ценность родного языка»»

Март 2023 г.

Зэ1утхащ ди гуапэу ди 1энэ хъурейр ф1эхъус апщий.
Нэм хуэдэу ди анэхэ,
Дэм хуэдэу ди адэхэ,
Дахэу ди шыпхъухэ,
Жану ди къуэшхэ,
Дыгъэ щыгъэу ди щ1эблэ ц1ык1ухэ!
Фыкъеблагъэ, зи бзэр псэм пэзыщ1хэр
Ар сыт щыгъуи япэ изыгъэщхэр
Ди бзэр набдзэу къэзыбж псори
Гуапэу ди зэ1ущ1эм фыкъеблагъэ!

Дизэ1ущ1эр зытеухуар ди бзэ дахэм
ди бзэ къабзэм
Ди адыгэбзэу ди анэдэльхубзэм.

Пщэдей си бзэр к1уэдыжынум
Сыл1эну нобэ сыхьэзырщ.
/ Расул Гамзатов/

Адыгэбзэр зэзмыгъащ1эу
Урысыбзэ сщ1эн слъэк1акъым… **/К1ыщокъуэ Алим/**

Адыгэбзэ – Адыгэпсэ /Токъубей Ислъам

1.Си бзэ дахэу адыгэбзэ,

Си бзэ щабэу адыгэбзэ,
Узигъусэщ жэщи махуи,
Гущ1агъщ1элъу сянэм и бзэ.

2.Адыгэбзэ уэ си гъащ1эм
Хьэл- щэныф1хэр къыхэплъхьащ
Сыбгъэгушхуэу сытым щыгъуи
Уэ си гъащ1эм ухэлъынщ.

3.Адыгэбзэм нэхъ сф1эдахэ
Зы бзэ закъуи зэхэсхакъым
Адыгэбзэм хабзэ дахэр
Симыгъащ1эу хуэшэчакъым

4.Адыгэбзэ, уэ си дыгъэр
Махуэ къэск1э къысхуоупсэ
Адыгэбзэм и дахагъэм
Къыхелъхьэжыр адыгэпсэ.

Уи къуэпсхэр си анэдэлъхубзэ,
Сипкъ псом игуэшауэ сопсэу
Уэрщ л1ык1уэу и1эххэр си гупсэм
Ущохъу си тэрмэш къэрал псом.

Ведущий. Анэдэлъхубзэ! Мы псалъэхэр ди гумм къохуэбыл1э, дегъэин. Абы дэ зыхыдегъащ1э къыддалъхуа , ди гум щыдгъаф1э бзэ лъап1э дызэри1эр. Зи бзэр ф1ыуэ зымылъагъуж , ар зымыщ1э ц1ыхум къыщалъхуа лъэпкъыр ф1ыуэ хуэлъагъунукъым. Бзэмк1эщ узыщыщ лъэпкъри, абы и хабзэ дахэри , уи щ1ыналъэ хъуэпсэгъуэри зэрызэхэпщ1эр.

Усэ **Сытхэр уи къэк1уэну (Соблыр Самирэ)**

1.Сытхэр уи къэк1уэну си бзэ дахэ,
Си анэдэлъхубзэ, си бзэ 1эф1?
Уэ къыпхуащ1 «гулъытэм» сещ1 гу махэ
Уаф1эк1уэдыжын игъуэншэу сф1ощ1.

2.Сытхэр уи пщэдей .си адыгэбзэ?
Къуршхэм, уафэ къащхъуэм я1урылъ
Жэнэтбзу щхьэхуит зыгъэбзэрабзэ,
Къэзы1уатэ зэгуагуит1 гурыль.

3.Тхыдэ жыжэм укъыщожьэ, си бзэ,
Си лъэпкъ уардэм и анэм къыдилъхуа!
Л1ыжь жьак1эхухэм ура1эщэт,си псэ,
Ат1э сыт уахъты узэрыхуар?

4.Сабий къалъхуагъащ1эм и анэбзэм
Щымахъашэу щыщ1амыгъэдэ1у
Зы медан уэ къыпхуихуэну,си псэ
Пщ1амэ,утехьэнти уи гъуэгущхьэ1у

5. Узэпхыплъыжынт къэпк1уа гъуэгуанэм,
«Сыткі1э ягу сеуа?»-ущ1эупщ1энт
Уэ упищ1у лъэпкъыми псэм ,и нэм
Щыщыта дакъикъэр къыт1ущ1энт

6. Уи псэ къабзэм ехуэбыл1э псалъэ
Къи1ущэщхэм уи гур яхъумэнт,
Къамыгъачэу зэгуамыгъэуду,
Бгъэм имыхуэж гуауэр тек1уэтынт.

7.Сыт пхуэсщ1эну, си бзэ,си псэ закъуэ,
Уи лъэр щ1эмыхуну ,Тхьэм и нэф1…
Сыпсэлъэнщ ,къызатми нэмыплъ жагъуэу,
Уэрк1э, сэ си адыгэбзэ 1эф1!

Ведущий. Ц1ыхубэм ф1ыгъуэу зэригъэпэщахэм я нэхъ лъап1эщ л1эщ1ыгъуэк1эрэ къыдэгъуэгурык1уэ и анэдэлъхубзэр. Бзэм епхащ ц1ыхубэм ехъул1эныгъэу зы1эрагъэхьахэр, абы адэк1э и Дунейм зэрызиужьынури аращ зэлъытар. Бзэр имы1эмэ, абы гъащ1ии1энукъым.

Ц1ыхум бзэм зыхуей къри1уатэ къудейкъым, ат1э ар и гупсысэм и 1эщэ хьэлэмэтщ.

Адыгэбзэ

Адыгэбзэр си псэкъым,
Адыгэбзэр си нэкъым,
Си псэм хуэдэр си анэрщ,
Си нэм хуэдэр си адэщ.

Адыгэбзэр псысэкъым
1ейуи сыгупсысэркъым
Ар си нит1ым я нэщи
Ар схэлъ си псэм и псэщи…

Ди бзэмрэ сэрэ **(К1ыщокъуэ Алим)**

1Л1эщ1ыгъуэ дапщэ къэдгъэщ1ами
Сэлам къытпежьэм дэ етхынщ.
Ди бзэр псэужмэ, апщ1ондэхук1э
Си гугъуи ящ1у зэхэфхынщ.

2.Мак1уэр сыхьэтыр къимыгъазэу,
Вагъуэм нэсыни хулъэмык1.
Нэхъ згъэк1ыхьынут бзэм и гъащ1эр,
Ар щхьэк1э зыми ар лъэмык1.

3.Къэдгъэувы1энут а сыхьэтыр,
Ар щхьэк1э ди бзэр гум пымык1.
Си щ1ыбым илъу стелъщ сэ хьэлъэ,
Бэлыхьу 1эджэм сыхэмык1.

4.Сэ щ1ы къатиблыр къыслъысами,
Си анэм и бзэр с1эщ1эмык1.
Щыблэр къыщыуэм щыщ1эдзауэ
Вагъуэ зэшиблым деж нэсыху-
Аращ дэ гъуэгуу дызытетыр,
Ди анэм и бзэр тхъумэжыху.

Уэрэд **«Си анэбзэ, си адыгэбзэ»**

(Джэдгъэф Борис)

1.Пщэдджыжь нэхулъэм вагъуэр полъэлъри,
Къуалэбзуубзэр мэхъур пшынэбзэ
Бзум и бзэ дахэр сф1ощ1 си анэбзэ
Сэ си анэбзэ, си адыгэбзэ.

2.Къэт1ысыт сибгъук1э си анэ дыщэ
Гущэкъу уэрэдк1э къызэ1ущащэ
Сэ псэуэ си1эр ар си анэбзэщ,
Ар си анэбзэщ, си адыгэбзэщ.

3.Жыгей мэзыжьу жьым къигъэушым
Ныдэуэршэру псынэр мэушэ,
Псынэ 1ущащэр сф1ощ1 си анэбзэ,
Сэ си анэбзэ,си адыгэбзэ.

4.Гъатхэ накъыгъэм щ1ыр игъэпсалъэу,
Гулъхэр бэвыгъэу къызэрылъэлъым,
Щ1ылъэм 1урылъыр сф1ощ1 си анэбзэ,
Сэ си анэбзэ, си адыгэбзэ.

Ведущий. Бзэм лъэпкъыр зы ещ1, зы лъэпкъыр адрейхэм къащхьэщегъэк1. Бзэр имы1эмэ ,лъэпкъым и лъэпкъыгъэр ф1ок1уэд, ар адрейхэм яхошыпсыхьыж.

Зи щхьэ,зи лъэпкъ пщ1э хуэзыщ1ыждэтхэнэри телэжьэн хуейщ къыдалъхуа и анэдэлъхубзэм, ар и нэ, и псэуи илъагъу, и1этын хуейщ.

Бзэм и гъащ1эр зи 1эмыщ1э илъыр къэзыгъэщ1а лъэпкъырщ, пэжу бгъэдэтмэ, тэмэму игъэлажьэмэ,еф1эк1уэнущ.

Си анэдэлъхубзэ

1.Си анэдэлъхубзэу си псэ,
Си анэдэлъхубзэу си нэ,
Щхьэ ущымы1ужрэ къабзэу
Нобэ уэ адыгэ унэм?

2. Си анэдэлъхубзэу дахэ,
Си анэдэлъхубзэу пагэ,
Зэгуэр ди адэжьхэр уэрти
Дуней псом язэрыхэтыр!

3. Си анэдэлъхубзэу гуапэ,
Си анэдэлъхубзэу гуащ1э,
Уи бын пэжхэр щ1ым гуп-гупу
Щызэбгридзакъэ гъащ1эм?

4.Мащ1э хъурэ гъащ1э мащ1э?
Мащ1эр хэк1уэдэжрэ занщ1эу?
Си анэдэлъхубзэу щыпкъэ,
Уэ ущхьэщыхьакъым нэпкъым!

5. Си анэдэлъхубзэу нахуэ,
Си анэдэлъхубзэу хахуэ,
Зы шу закъуэу щытми нартыр
Пэувыфти и дзэм чынтым.

6. Си анэдэлъхубзэу уардэ,
Си анэдэлъхубзэубыдэ,
К1уэщ1ыр пэжмэ уэ уи л1ыгъэр,
Ар дэращ зи хуэмыхугхэр.

7. Си анэдэлъхубзэу си псэ,
Си анэдэлъхубзэу си нэ,
Щхьэ ущымы1ужрэ къабзэу
Нобэ уэ адыгэ унэм?

8.Ямыпсыхьу къэна купкърищ
Сосрыкъуэ и1ар л1ап1эу,
Си анэдэлъхубзэу лъап1э
Уэ ул1эжмэ – л1эжащ лъэпкъыр!

Урысыбзэр дунейм нэхъ бзэ лъэщ дыдэу щы1эхэм ящыщщ, ар умыщ1эу уи щ1эныгъэм, уи акъылым зиужьынукъым. Ауэар тэмэму пхузэгъэщ1энукъым уи анэдэлъхубзэр нэгъэсауэ умыщ1эу.

К1ыщокъуэ Алим и усэ сатырхэм къыхощ ар:

Адыгэбзэр зэзмыгъащ1эу
Урысыбзэр сщ1эн слъэк1акъым.

Зи бзэр зымылъагъужым и лъэпкъри зрипэсыжыркъым. Анэдэлъхубзэр 1умпэм зыщ1ым къызыхэк1а лъэпкъри къыдалъхуахэри егъэпуд.

«Уи Хэкум хуи1э лъагъуныгъэр ныкъуэщ,
Анэдэлъхубзэр ф1ыуэ умылъагъумэ»
(К.Паустовский)

Абгъуэм къик1ыу бгъэр лъэтэнум
Хуейщ и дамэр ишэщ1ын
Ц1ыхум ц1ыхуу зибжыжынум
Хуейкъэ и бзэр ищ1эжын.

Адыгэбзэ (Бемырзэ Мухьэдин)

1.Си гъатхэ дыгъэ къуэмыхьэж
Си гукъыдэж, си гурыф1ыгъуэ,
Узи1эу зыми семыфыгъуэ
Узи1эу зыми семыиж.

2.Си анэдэлъхубзэ, уэ улъэщщ,
Зи зэманыгъуэу угурыхуэщ
Ц1ыхугу дэтхэнэри къот1эщ1
Уэ ущагъабзэк1э 1эрыхуэу.

3.Уэ уаф1эжьгъейми къэбгъэщ1ащ
Зэрыдунейуэ зэджэр «Нартхэр»
Гъэ минхэр, си бзэ уэ бгъэщ1ащ
Иджыри мащ1экъым уи нат1эр.

4.Си лъэпкъым щ1эблэ къыщ1эхъуам
Насып вагъуэбэу ужьэхэпсэу
Я нэхъ тхьэмыщк1э ущыхъуам
Уре1э уэ, си адыгэбзэ!

Ди бзэр хъума хъун папщ1эк1э псоми гугъу зедгъэхьын хуейщ.1уэры1уатэу ц1ыхухэм къахэна уэрэдыжь, шыпсэ,гъыбзэхэр зэхуэхьэсыжынымк1э дэ1эпыкъуэгъу дыхъун хуейщ.

Нобэрей адыгэ щ1эблэм ди къалэнщкъыддалъхуа бзэр, ди адэшхуэхэм къащ1эна хабзэдахэр тхъумэну, ипэк1э дгъэк1уэтэну, лей къытедмыгъэхьэну.

Хуэблэжьыр лъэпкъым нэхъри уэ бгъэбагъуэу,
Ди адыгэбзэ, куэдрэ уэ тхуэпсэу.
1эф1ыгъэу, л1ыгъэу пхэлъым, уи гуапагъэм
Щыгъуазэ сщ1ынт, слъэк1амэ ,дуней псор.

(Кагъырмэс Борис)

Си бзэм сэрэ дызэт1олъхуэныкъуэу
Зы адыгэ анэм дыкъилъхуащ…
Здэнукъым сыкъэзылъхуар хаутэу,
Здэнукъым хаутэу къыздалъхуар!

(Мыкъуэжь Анатолэ)

Ей, пщащэ жанхэу Къэбэрдей пщащэхэ!
Къэбэрдей щауэхэу, щауэ къуданхэ!
Бэм дазэрыхэту дэ ди анэбзэр
Дывгъэгъэлъап1э, едывгъэгъэф1ак1уэ!